



AVI KONT DISKRIMINASYON DAPRE SEKSYON 504

DEKLARASYON SOU REGLEMAN

Se regleman Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (New York City Department of Education, NYCDOE), dapre seksyon 504 Lwa 1973 sou reyabilitasyon (seksyon 504), pou yo pa retire ni refize avantaj ni fè diskriminasyon kont okenn moun ki gen andikap ki kalifye nan okenn pwogram oswa aktivite DOE patwone. Y ap respekte dwa sou konfidansyalite moun ki gen andikap yo genyen.

Regleman Chanselye [A-710](#) tabli regleman ak pwosedi DOE, ladan pwosedi pou pote plent, pou elèv ki nan lekòl ak pwogram DOE ki kalifye kòm moun ki gen andikap jan yo defini sa nan

Seksyon 504 epi ki gen bezwen akomodasyon pou yo ka patisipe nan pwogram ak aktivite DOE. Kontakte kowòdonatè 504 oswa direktè lekòl la, oswa voye yon imèl nan 504Questions@schools.nyc.gov, si w gen kesyon oswa enkyetid konsènan aksè yon elèv nan yon pwogram oswa aktivite DOE, oswa nan yon pwogram aktivite anplis ki pa fè pati kourikoulòm DOE a.

Regleman Chanselye [A-830](#) tabli regleman ak pwosedi DOE kont diskriminasyon, tankou pwosedi pou pote plent, pou anplwaye, paran elèv, elèv ak lòt moun ki fè biznis avèk DOE, ki itilize lokal DOE oswa ki fè entèaksyon avèk DOE.

Voye kesyon ou genyen konsènan dwa oswa pwosedi seksyon 504 pou **elèv** nan:

Pou paran ak responsab:

Section 504 Program Manager Office
of School Health
110 William Street, 15th Floor
New York, NY 10038
(212) 287-0354
504Questions@schools.nyc.gov

Resous ekstèn:

U.S. Department of Education
Office for Civil Rights
32 Old Slip, 26th Floor
New York, NY 10005-2500
(646) 428-3900
<http://www.ed.gov/>

Revize an novanm 2022